

**COMMONWEALTH MASSACHUSETTS  
DEPATMAN SANTE MANTAL**

**AVI SOU DWA**  
(Paran oswa Responsab yon Minè)

Ospitalizasyon Volontè Kondisyonèl  
M.G.L. Chapit 123, Seksyon 10 ak 11

Ou gen dwa pou w konsilte yon avoka oswa asistan jiridik konsènan enpak legal ospitalizasyon volontè kondisyonèl la anvan ou siyen yon Aplikasyon pou Swen ak Tretman sou yon Baz Volontè ki Kondisyonèl pou timoun/depandan ou. Ou ka konsilte pwòp avoka ou. Kòm altènativ, ou ka konsilte nenpòt nan antite asistans legal ki nan lis nan Avi sou Dwa yo ki afiche sou Inite a oswa ki disponib pou ou sou demann, oswa ou ka konsilte Ofisyè Dwa Moun nan etablisman an lè w rele ekstansyon pandan lè travay nòmal yo.

Yon fwa ou aplike pou ospitalizasyon lopital volontè ki kondisyonèl pou timoun/depandan ou epi etablisman an aksepte aplikasyon w lan, ou dwe siyen yon avi twa jou si ou deside retire timoun/depandan ou an nan etablisman an. Ou kapab mande èd avèk avi sa a nan men anplwaye etablisman an. Etablisman an ka mande pou timoun/depandan ou a rete nan etablisman an pou jiska twa jou (eksepte samdi, dimanch ak jou ferye) apre ou fin siyen epi soumèt avi a.

Pandan twa jou apre ou fin soumèt avi w la, etablisman an ka deside ke bay timoun/depandan ou a egzeyat ka kreye yon chans pou timoun/depandan ou a oswa lòt moun selon rezon maladi mantal la. Si se konsa, Sirentandan an oswa lòt responsab etablisman an ka depoze yon petisyon pou angajman sivil timoun/depandan ou an nan etablisman an pou yon peryòd jiska sis mwa. Si yo depoze yon petisyon, Tribunal la pral kòmanse odyans lan nan senk (5) jou ouvrab, san konte samdi, dimanch ak jou ferye yo.

Timoun/depandan ou a ap oblige rete nan etablisman an jiskaske odyans lan fini sof si etablisman an deside bay timoun/depandan ou a egzeyat pi bonè. Timoun/depandan ou a ap gen yon avoka ki reprezante li nan odyans lan.

Si yo pa depoze yon petisyon pou angajman sivil, yo pral bay timoun/depandan ou a egzeyat pa pita pase fen twazyèm jou a apre ou fin ranpli avi twa jou ou a (eksepte samdi, dimanch ak jou ferye).